



Pou Piblikasyon Imedya: 23/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO ADMINISTRE PLIS PASE 14 MILYON DÒZ VAKSEN KONT COVID-19 NAN ETA NEW YORK

*30% Nouyòkè vaksinen konplètman kounye a*

*Yo administre 184,119 dòz nan dènye 24 èdtan yo*

*Yo te administre plis pase 1.2 milyon dòz pandan sèt jou pase yo*

**Tablodbò Vaksen an te mete ajou chak jou sou pwogram vaksinasyon eta a; ale sou [ny.gov/vaccinetracker](https://ny.gov/vaccinetracker)**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yo te administre plis pase 14 milyon dòz vaksen kont COVID-19 nan Eta New York, epi 30 pousan nan Nouyòkè yo pran vaksen an konplètman. Yo te bay 184,119 dòz nan tout gwo rezo distribisyon Eta a nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te bay plis pase 1.2 milyon dòz nan sèt dènye jou yo.

"Nou ap atenn nouvo gwo etap nan efò vaksinasyon nouyo chak jou gras ak travay di pwofesyonèl sante ak volontè nou yo, men nou pap genyen lagè kont COVID la jiskaske nou atenn iminite kolektif", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te elaji elijibilite pou vaksen an pou chak grenn Nouyòkè epi nou te ogmante efò nou yo pou amelyore aksè pou moun ki pi vilnerab nou yo, popilasyon ki defavorize yo, men kèk Nouyòkè toujou ezitan pou pran vaksen an. Nou pral kontinye travay avèk lidè kominote yo fè konfyans yo nan tout Eta a pou pwopaje enfòmasyon an ke vaksen an san danje ak efikas paske lè nou tout travay ansanm kòm yon kominote, nou pral kapab bat COVID la yon fwa pou tout."

Nouyòkè yo kapab pwograme yon randevou nan sit vaksinasyon an mas Eta a ap jere a sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman Sante Lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccinefinder.org](https://vaccinefinder.org) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre ou. Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib yo nan New York lajan depase kantite apwovizyonman ki soti nan men gouvènman federal la. Piske apwovizyonman an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

**REPATISYON NAN TOUT ETA A**

Total dòz yo administre - 14,124,641

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 184,119

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 1,248,961

Pousantaj Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 43.4%

Pousantaj Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 30.2%

	<b>Moun ki gen omwen yon dòz vaksen</b>		<b>Moun ki gen seri vaksen yo konplè</b>	
<b>Rejyon</b>	<b>Kimilatif Total</b>	<b>Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan</b>	<b>Kimilatif Total</b>	<b>Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan</b>
Capital Region	507,068	4,454	366,261	6,884
Central New York	426,428	2,602	325,570	4,558
Finger Lakes	526,860	4,110	386,991	9,836
Long Island	1,071,674	11,957	711,025	15,222
Mid-Hudson	917,558	10,905	611,224	15,377
Mohawk Valley	209,443	1,310	160,368	2,038
New York City	3,954,853	35,749	2,689,341	40,882
North Country	199,674	851	165,858	1,577
Southern Tier	276,019	1,478	206,802	2,960
Western New York	569,466	6,364	407,264	6,219
Nan tout Eta a	8,659,043	79,780	6,030,704	105,553

	<b>1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo</b>	<b>2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo</b>	<b>TOTAL</b>	<b>KIMILATIF</b>
<b>Semèn 1</b> <b>Dòz k ap vini nan dat 14/12 - 20/12</b>	163,650	0	163,650	163,650
<b>Semèn 2</b>	452,125	0	452,125	615,775

<b>Dòz k ap vini nan dat 21/12 - 27/12</b>				
<b>Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 28/12 - 03/01</b>	227,395	0	227,395	843,170
<b>Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 04/01 - 10/01</b>	239,025	165,150	404,175	1,247,345
<b>Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 11/01 - 17/01</b>	221,315	119,925	341,240	1,588,585
<b>Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 18/01- 24/01</b>	250,400	462,395	712,795	2,301,380
<b>Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 25/01 - 31/01</b>	260,150	239,525	499,675	2,801,055
<b>Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 01/02 - 07/02</b>	321,850	220,720	542,570	3,343,625
<b>Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 08/02 - 14/02</b>	320,000	244,500	564,500	3,908,125
<b>Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 15/02 - 21/02</b>	356,990	265,525	622,515	4,530,640
<b>Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 22/02 - 28/02</b>	393,530	305,780	699,310	5,229,950
<b>Semèn 12 Dòz k ap vini nan dat 01/03 - 07/03</b>	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110
<b>Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 08/03 - 14/03</b>	618,880	526,415	1,145,295	7,686,405
<b>Semèn 14 Dòz k ap vini nan dat 15/03 - 21/03</b>	699,790	584,775	1,284,565	8,970,970

<b>Semèn 15 Dòz k ap vini nan dat 22/03 - 28/03</b>	828,000	737,080	1,565,080	10,536,050
<b>Semèn 16 Dòz k ap vini nan dat 29/03 - 04/04</b>	819,800	569,905	1,389,705	11,925,755
<b>Semèn 17 Dòz k ap vini nan dat 05/04 - 12/04</b>	1,068,455	658,770	1,727,225	13,652,980
<b>Semèn 18 Dòz k ap vini nan dat 14/04 - 18/04</b>	763,825	774,825	1,538,650	15,191,630

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan [STOPVAXFRAUD@health.ny.gov](mailto:STOPVAXFRAUD@health.ny.gov). Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)